Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 21 (6482) 11 апрель 2016 с. Итни Ражаб 1437 с. Багьа 5 гъур.



ТАРБИЯ ЩВЕЧІОЛЪИЯЛЪУЛ БАЛАГЬ

## Диназда ва миллатазда гьоркьобе ракьа рехуге

### Элиста шагьаралда ккараб лъугьа-бахъин гьоркьоб лъуна Гумбет районалъул администрациялда

**Элиста шагьаралда эркенаб гугариялъул турнир тІобитІулаго, дагъистанияс гьабураб гІадлу хвезабиялда бан, «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул кабинеталъуб, спорталъул ва гІолилазул отделалъул хІаракаталдалъун, ДЮСШязул тренерал ва районалъул цо-цо гІолилалги тІаде къабул гьарун, тІобитІана совещание.**

«Гьеб лъугьа-бахъиналъе букІине кколеб къимат тІолалго бакълъулазги кьолеб буго. ГІадлу гьечІев, тарбия щвечІев цо гІолилас гьабураб бугониги, гьединаб ишалъул ахир лъикІаб кколаро, чІегІераб тІанкІ лъола тІолалго гІадамазда. Калмыкиялъул халкъгун нилъ кидаго рукІана ва рукІине руго вацлъиялъулаб гьоркьоблъиялда», - ян абуна Гумбет районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.

Райадминистрациялъул бетІерасул заместитель ХІайбула ГІабдурахІмановас бихьизабуна тренер тІоцебесеб иргаялда тарбия щваравлъун вукІине кколин, гьесдасан мисал босулел, гьесда релъараллъун лъугьине бокьулин спортсменазе. Гьединлъидал тренераз кидаго кІвар буссинабизе кколин гьезие лъикІаб гІамал-хасияталъул тарбия кьеялде.

Хадув кІалъазе вахъарав спорталъул ва гІолилазул политикаялъул отделалъул



нухмалъулев НурмухІамад МухІамадовас абуна тренерасул махщел хІурматияб, гьебго заманалда захІматабги бугилан. Тренерал – мугІалимаз спортсменазе тарбия кьеялъул хІалтІи чучлъизе тезе бегьуларин.

МелъелтІа ДЮСШялъул нухмалъулев Барти Астимировасги кІалъаялда кІвар буссинабуна тренеразда церечІарал масъалабазде. «Нилъее гІицІго спортсменазул лъикІал хІасилал гурелги, тарбия щварал гІадамалги хІажат руго», - ян абуна гьес.

Данделъиялъул ахиралда ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас жавабиял гІадамазда тІадкъана районалъул киналго школазда ва спортивиял группабазда яхІ-намус, лъикІаб гІамал – хасият куцаялъул мурадалда гара-чІвариял гьаризе, цогидал республикабазда гьарулел гІадлу хвезабиязе букІине кколеб къимат кьезе, гьезул гІадатазде, диналде адабгун ралагьизе.

* * *

Дагъистаналъул спортсменасул гІахьаллъигун Калмыкиялда ккараб лъугьа-бахъин гьоркьоб лъуна Гумбет районалъул спортивиял группабазда. Гара-чІвари гьабуна районалъул гІолилазул гІемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев МухІамад Зубайровас. Гьес абуна Калмыкиялда ккараб лъугьа-бахъин исламалде данде кколарин, цогидал гІодорегІан гьари рекъечІеб иш кколин, спорт сундасаго цебе гІадлу, рацІцІалъи, сахлъи бугин. Дагъистаналъул спортсменаз улкаялда ругониги, олимпиялъул хІаязда ругониги кидаго бихьинчилъи, гІадлу бихьизабулаанин, амма гьаб нухалда Дагъистаналдаса гьев спортсменас гьабураб рекъечІеб ишалъе букІине кколеб къимат кьезе кколин.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МАГІРУЗДА РУГО ГІАДАМАЛ

## ЦІаялдаса цІуни, рищиял, перепись...

### Гумбет районалда гьоркьор лъуна кІвар бугел суалал

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас 5 апрелалда тІобитІана, росабазул поселениязул нухмалъулел, районалъул администрациязул жавабиял хІалтІухъаби гІахьал гьарун, хІалтІулаб совещание. КІвар бугел суалал гьоркьор лъуна гьенир: цІа ккеялдаса цІуниялъе гьаризе кколел тадбиразул хІакъалъулъ райадминистрациялъул гражданскияб оборонаялъул ва гІадатияб гуреб ахІвал-хІалалъул отделалъул нухмалъулев ГІабдурахІман Дайтмирзаевас, 2016 соналъ тІоритІизе ругел рищиязде ва ТІолгороссиялъул росдал магІишаталъул переписалде хІадурлъиялъул райадминистрациялъул бетІерасул заместитель ХІайбула ГІабдурахІмановас, налогал ракІариялъул, бюджеталъулаб доходалъулаб бутІа тІубаялъул бугеб хІалалъул райадминистрациялъул бетІерасул заместитель РурухІма Халидовас бицана.**



Халидовас абуна тІоцебесеб кварталалда ракьул ва буголъиялъул налог бакІариялъул плановиял тІадкъаял тІураялъулъ хадур рехъерхъи букІин.

Совещаниялда борхана налогалги кьечІого, балъго хІалтІулел тІатинариялъул хІакъалъулъ суалги. Экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев ХІусен Мутаевас абуна цереккун тІоритІарал рейдаз бихьизабунин, балъго хІалтІулел гІадамал гІемер ратанин даран-базаралда, росдал магІишаталда, ралел бакІазда, батІи-батІиял хъулухъал гьарулезда гьоркьор.

ХІасилазулаб кІалъай гьабулаго районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас абуна совещаниялда рорхарал суалал гІумруялде рахъинариялде жавабиял гІадамаз кІудияб къуват буссинабизе хІажат бугилан, кьуна тІадкъаял росабазул бегавулзабазе ва районалъул гІуцІабазул жавабиязе.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



С книгой по жизни

-2 стр



МухІамад ХІажиев – хІисаб гІелмуялъул олимпиадаялъул зоналияб этапалъул призер

-2 гьум



Бакълъулал – Дербенталъул кавабахъ

-2 гьум



МугІрузул соналъ – 30 гектаралда цІиял ахал

-3 гьум

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# С книгой по жизни

**2-3 апреля 2016 года в станице Убинская Северского района Краснодарского края прошел семинар для финалистов Второго ежегодного Всероссийского конкурса проектов «Культурная мозаика малых городов и сел» Благотворительного фонда Елены и Геннадия Тимченко.**

На семинаре СКФО представила Республика Дагестан с проектом «Живые страницы. Гумбетовский район читает Али-гаджи из Инхо». Рамки реализации данного проекта расширены, и мы будем сотрудничать с Благотворительным фондом Елены и Геннадия Тимченко и в 2016 году.

Рассказал руководителям и участникам семинара «о море разума» основоположника аварской литературы, классика, философа и ученого Али-гаджи из Инхо и мы наметили пути для дальнейшей популяризации творчества поэта.

29 марта 2016 года прошла встреча в Гумбетовской детско-юношеской библиотеке в рамках Недели детской и юношеской книги. Порадовали учащиеся Мехельтинской средней школы Хадижат Набигулаева, Макка Аххубекова, Асбарат Юсупова, Мадина Аххубекова, Хадижат Омарова, Шабика Магомедова, Магомед Омаров и другие воспитанники данной школы прочли мои стихи, вникая в смысл.

Беседуя с детьми, вспомнил свои школьные годы, прошедшие в знаменитые «лихие 90-е» XX века. Рассказал детям о первых своих стихотворных опытах, о первых книгах, прочитанных в те юные годы. Особое увлечение тех лет – творчество одного из основоположников жанра научной фантастики Жюля Верна. Пожирал книги Верна, одну за другой, мечтал прочесть все произведения его цикла «Необыкновенных путешествий», жил в интересном мире персонажей писателя. Литературное наследие Жюля Верна состоит из 66 романов, 20 повестей, 30 пьес, а также научных работ. Чтение Жюля Верна началось с романа «Таинственный остров». Потом с трудом достал романы «Пятнадцатилетний капитан», «Пять недель на воздушном шаре», «Двадцать тысяч лье под водой», «Робур -Завоеватель», «Дети капитана Гранта» и другие книги любимого автора тех лет. Помню, с другом пешком шли в соседние поселения в поисках произведений Жюля Верна, так как библиотечный фонд моих родных сел не утолял жажду по увлекательным книгам. В те времена в стране и интернета не было. Об электронных книгах и речь не шла. Поделился своими воспоминаниями с детьми «постиндустриального», «интернетом исполосованного» XXI века.

Выражаю благодарность всем организаторам и участникам данной встречи.

БАРКИЯЛ

## Бакълъулазул гIумру берцин гьабурав

МельелтIа гьоркьохъеб школалъул мугIалим **Равзанат ГIумаровалъ ва гьелъ нухмалъи гьабулеб 4 «а»** классалъул цIалдохъабаз Россиялъул гIадатияб маданияталъул районалъул маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибировасда** баркулеб буго «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIар щвей.

**Гьав вуго мугIрузул бацI гIадинав вас,**
**Бакълъулазул гIумру берцин гьабурав.**

ЯхI-намус бацIцIадав, нижее кумекалъе кидаго ватулев Набигула АхIмадибировасе хадурккунги гIемер щваги ша-

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Хунжрул гIодулел руго…

### Бакълъулазул цIалдохъабазулгун ХIамзат ГIизудиновасул дандчIвай

**Гумбет районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда тIобитIана поэт, публицист, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул ва журналистазул союзалъул член, Юсуп Хаппалаевасул ва МухIамад Шамхаловасул премиязул лауреат, Гумбет районалъул информациялъул отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасулгун дандчIвай.**

Литературияб дандчIвай лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъ ракьцоясулгун гIуцIун букIана «ГIицIго «Авар рухI» тIехьалъул автор гуревги» абураб темаялда.

ДандчIваялда гIахьаллъана централияб библиотекаялъул хIалтIухъабиги, МельелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабиги, тIахьал цIалулелги. Гьелъул мурад букIана цIалдохъабазулъ поэтасул творчестволде рокьи бижизаби, гьесул гIумрудул нух лъай, кучIдул рекIехъе рикIкIине цIалдохъабазулъ бугеб махщел тIатинаби, ХIамзат ГIизудиновасул асаразулъ загьир гьабун бугеб бечелъи, берцинлъи, такрарлъи гьечIолъи бичIчIинаби, ВатIаналде рокьи дагьабги гьваризабизаби.

ДандчIвай рагьана ва бачана лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусеновалъ**. Гьелъ гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна ХIамзат ГIизудиновасул гIумрудул нухалъулгун, творчествоялъулгун. Поэтасул кучIдул цIалана централияб библиотекаялъул методист **Эзимат МухIамадовалъ**, гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей **Хамсат Ибрагьимовалъ**, библиотекарь Багьжат Мурадовалъ, лъималазул библиотекаялъул библиотекарь **Раисат МухIамаднабиевалъ**, районалъул маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул хIалтIухъан **Рапият УхIумагIалиевалъ**, цIалдохъаби **Хадижат ГIумаровалъ, Мадина ва Макка Аххубеговаз, МухIамад ГIумаровас, Асбарат Юсуповалъ, Шабика МухIамадовалъ, Хадижат Набигулаевалъ.**

ДандчIваялда гIахьаллъаразе кIудияб асар гьабуна «Гумбеталъул гьунарчагIи» тIахьазул выставкаялъ. Гьенир лъун рукIана ХIамзат ГIизудиновасул «Авар рухI» тIехь, батIи-батIиял басмабазда рахъарал гьесул асарал. ХIадурун букIана «Гумбеталъул гьунарчагIи» стендги.

ДандчIваялда кIалъазе вахъана ХIамзат ГIизудинов. Гьес «Авар рухI» абураб чанго тIехь сайгъат гьабуна дандчIваялда гIахьаллъаразе.

Централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ** баркала кьуна дандчIваялда гIахьаллъаразе ва ХIамзат ГIизудиновасул кIиго поэма цIалана.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНА

## МухIамад ХIажиев – хIисаб гIелмуялъул олимпиадаялъул зоналияб этапалъул призер

**Буйнакск районалъул Халимбекаул росулъ 27 марталда тIобитIана П. Л. Чебышевасул цIаралда бугеб олимпиада. ХIисаб гIелмуялъул республикаялъулаб олимпиадаялъул зоналияб этап гьениб тIобитIана 5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб. Муниципалияб этапалда бергьарал Гумбет районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазда 12 цIалдохъан гIахьаллъана гьеб олимпиадаялда.**



Зоналияб этапалда МельелтIа гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан **МухIамад ХIажиевас** ккуна кIиабилеб бакI. ТIоцебесеб классалде вачаралдасаго щуйил къиматазда цIалулев вуго МухIамад. Гьесие хасго рокьула хIисаб гIелмуялъул ва гIурус мацIалъул предметал. Цогидал предметалги лъикI лъала. ХIисаб гIелмуялде гьесул рокьи бижиялъулъ, гьелъие щулияб кьучI лъеялъулъ кIудияб бутIа буго байбихьул классазда МухIамадие лъай ва тарбия кьурай мугIалим **Марина МухIамадовалъул**. Щуабилеб классалдаса байбихьун хIисаб гIелму малълулеб буго **РабигIат Астимировалъ**.

ХIисаб гIелму жеги гьваридго лъаялъе ХIажиевасе квербакъи гьабуна пагьмугьунар бугел лъималазул интерналде занятиязде хьвадиялъги. ХIалбихьи бугев хIисаб гIелмуялъул мугIалим, интерналъе нухмалъи гьабулев **Лабазан ХIажиевасдаги** бихьана МухIамадил пагьму. Лабазаница лъикIго хIадур гьавуна МухIамад олимпиадабаздеги. Гьеб бихьула районалъул, республикаялъул олимпиадабазда бергьенлъаби росун, МухIамад гIагараб школалде тIадвуссиналдасанги. Щуабилеб классалда байбихьун гIахьаллъана гьев хIисаб гIелмуялъул олимпиадабазда. Бергьенлъи босана МухIамадица араб соналъ республикаялъулаб «Пифагор» олимпиадаялда. ТIоцебесеб бакI ккуна анлъабилеб классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб Ханмухlамад Аххубеговасул цIаралда Ингишоб тIобитIараб республикаялъулал къецазда. ХIажиев ккола Москваялда тIобитIараб хIисаб гIелмуялъул олимпиадаялъул гIахьалчиги. ХIисаб гIелму лъаялъул даража борхизе гьев ун вукIана Избербашалде, Агъваливе ва цогидал бакIазде. Халимбекаул росулъанги рохалилаб хабаргун, бергьенлъиги босун тIадвуссана гьал къояз МухIамад.

Баркула МухIамадида ва гьесул насихIатчи Лабазан ХIажиевасда бергьенлъи, гьарула хадурккунги тIадегIанал хIасилал. Жеги машгъурлъизабеги пагьму-гьунар бугел лъималазул интернатги, гIагараб школаги МухIамадицаги, цогидал цIалдохъабазги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ…

## Бакълъулал – Дербенталъул кавабахъ

### Районцояз зиярат гьабуна улкаялдаго бищун некIсияб мажгиталде

**«Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъ лъикIаб хIалтIи гIуцIулеб буго халкъалъул гIадатал ва маданияб рахъ лъазариялъе. ТIоритIула батIи-батIиял тадбирал. Гьединал тадбиразул цояблъун ккола Дагъистаналъул, Россиялъул тарихиял бакIазде сапарал гьари. 5 апрелалда Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун, районалъул имам ГIабдулагь-хIажи Закарикаевгун, росабазул имамзабигун районалъул гIолилал ун рукIана Дербент шагьаралде.**



МухIамад аварагасда (с. т. гI. в.) цадахъ диналъе гIоло къеркьарал чагIи рукъараб Кирхляр хабалалъе цIвана гьел. Гьенир дандчIвана «Дербент шагьаралъул гIолилал» ДРООялъул вакилзабигун, Дагъистаналъул муфтиясул заместителал **Магьди-хIажи ГIабидовгун, Шигьабудин –хIажи Каримовгун.**

Шигьабудин-хIажица Гумбет районалъул гIолилазда бицана гьеб баракатаб ракьалъул хIакъалъулъ, гьаруна насихIатал. Вацлъи ва гьоболлъиялъул гIадат щулалъи мурадалда, бакълъулаз Дербент шагьаралъул гIолилал ахIана Гумбеталъул тарихияб кIваралъул бакIазде щвезе гьоболлъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ГАРА-ЧIВАРИ

# МугIрузул соналъ – 30 гектаралда цIиял ахал

**Гьал кьояз «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовгун. Гьесие чанго суал кьуна районалда ахал гIезариялъул рахъалъ гьабулев бугеб хIалтIуда тIасан.**

**-Ибрагьим, Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул Указалдалъун 2015 сон лъазабун букIана Ахихъанлъиялъул сонлъун. Районалда чан гектаралда цIияб ахал чIарал?**

-Гумбеталъул росабазул гIадамаз, КФХяз, ОООяз Ахихъанлъиялъул соналъ 30 гектаралда цIиял ахал чIана. Планалда бихьизабун букIана 15 гектаралда ахал чIезе, Ахихъанлъиялъул соналъул хIурматалда бакълъулаз тIаде босана 25 гектаралда цIиял ахал чIезаризе. ТIубан буго 120 проценталъ. Районалъе кьун букIараб планин абуни 2 нухалъ цIикIкIун тIубазабуна. 14,5 гектаралда чIана гIечул, генул, 15,5 гектаралда куракул, мокьрол гьутIби. ЦIиял ахал 20,5 гектаралда КФХ, ОООяз, 9,5 гектаралда ЛПХяз чIана. Районалда ахихъанлъи цебетIезабиялда хIалтIулев вуго 12 фермер. Руго цIикIкIун ракьалда цIиял ахал чIарал ОООязе нухмалъулел. Гьел ккола Килалъа МухIамад МухIамадов («Мельница»), Аргъваниса МухIамад МухIамадов («Аргъвани»), МельелтIаса МухIамад СагIидов («РахIмат»), ЛъаратIаса ХIасан ХIасанов («МИГ»), Гьоркь Инхоса ХIажи МухIамадов («Инхо»).



**- ГьутIби киса росарал, Гумбеталда цониги чияс чIезе гьутIби гIезаризе байбихьун гьечIищ?**

-Хьаргаби районалъул питомникалдаса босана 3810 гьветI - 1900 гIечул ва 1910 куракул. Гьединго гьутIби росула Буйнакскиялдаса ва цогидалги питомниказдаса. Нилъерго гьанир гьутIби гIезарулел питомникал гьаризе ккани лицензияв, гIатIидаб, санагIатал шартIал ругеб ракь хIажалъула. Гьеб хIалтIуде машгъуллъарав чи гьабсагIат гьечIо.

**- Ахал чIаразе началихъалдасан кумек щвечIебищ, субсидиялъул гIарац биччан букIиндал?**

-Районалда ахихъанлъи цебетIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабулин, федералияб кумек гIицIго цо чиясе гурони щвечIо. 3 млн. гъурущ щвезе кколаан ахал чIаразе. Цо гектаралда ах тIезе 100 азарго гъурущ бихьизабун букIана кьезе. Субсидиялъул гIарац кьола ах чIун хадуб. Цин проект бахъула ах чIезе, хадуб ах чIеялъул акт хъвала.

**- Щиб гIиллаялъха 30 гектаралда ахал чIаниги, субсидиялъе биччараб гIарац щвечIеб?**

- Аслияб гIилла ккана ахал чIаразул жидехъ бугеб ракьул зеленкаби гьечIолъи. Гьел жакъа кьоялде 3 чиясул гурони гьарун лъугIун гьечIо, цогидазги зеленкаби гьарулел руго.

**- Басриял ахал цIигьарун кьачIаялъул кинаб хIал буго?**

- ЦIигьарун кьачIана араб соналъ 37 гектаралда ахал. Гьеб хIалтIи лъикI ана ЧIиркьатIа, Игьали, Килалъ росабалъ.

**-Лъалъадиялъе лъим чIезаби кин гIуцIун бугеб?**

- Хьиндаллъиялъул росабалъ Хунзахъ УОСалъ араб соналъ лъикIаб хIалтIи гьабуна лъалъадиялъе лъим чIезабиялъул рахъалъ. Лъел цо кубометралъухъ 7,3 копеек кьола лъалъадиялъул системаялъул Хунзахъ управлениялъе. 124 азарго гъурущ кьуна гьеб идараялъе араб соналъ. Гьаб соналъги кьотIи-кьаял гьарулел руго хьиндаллъиялъул росабаз Хунзахъ УОСалъулгун.

**- Ахихъанлъиялъул соналъ пихъ бакIариялъул хIасилал кинал ккарал?**

- Районалъул ахал руго 696 гектаралда, пихъ кьолел ахал – 575 гектаралда. БакIарана 4485 тонна пихьил. Аслияб куцалда цIикIкIун пихъ бакIарана гIадамал бетIергьанал магIишатаз (ЛПХ). Пихъ бакIариялъул план тIубазабуна 106 проценталъ.

**-Дагъистаналъул мугIрузул территориялда яшав гьабулезул гIумрудул даража борхизаби, гьениб социалияб экономикияб хIал лъикIлъизаби мурадалда, Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас 2016 сон лъазабун буго МугIрузул сонлъун. Аслиял хIалтIабазул цояблъун росдал магIишат, гьелдаго гьоркьоб ахихъанлъи цебетIезаби ккола, гьаб соналъ гьеб рахъалъ церечIарал масъалабазул бицани бокьилаан?**

- МугIрузул соналъ цIиял ахал чIезе планалъе бихьизабун буго 21 гектаралда – КФХ ва ОООяз 9 ва ЛПХяз 12 гектаралда. ТIадебосун буго 30 гектаралда цIиял ахал чIезе. Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялда тIад хIалтIулел руго. Росабазул администрацияз, КФХяз, ОООяз, ЛПХяз дандбан буго лъица кигIан ракьалда гьутIби чIезе ругелали. Килалъ «Мельница» ОООялъ 3 гектаралда ах чIана, МельелтIа «МММ» КФХялъги цIияб ах чIеялъе лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго. Хьаргабиса, Буйнакскиялдаса 5 азаргоялдаса цIикIкIун гьветI босана гIадамазги, жалго бетIергьанаб ракьалда чIезе. 3200 гьветI Краснодар краялдаса босана Килалъа МухIамад МухIамадовас, мугIрузул шартIазде данде кколел. Гьаб соналъ басриял ахал цIигьарун кьачIазе руго 35 гектаралда.

**- Баркала, Ибрагьим гара-чIвариялъухъ. «Дагъистан Республикаялда 2011 - 2016 соназ ахихъанлъи цебетIезабиялъул хIакъалъулъ» республикаялъулаб программа тIубазабиялъулъ бергьенлъаби щваги бакълъулазе.**

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагъиз ХIадисовалъ**

ТIИБ

## КъваригIаралъуб би майилан кьолел, МагIарулал ругел лъикIал гIадамал

### Гумбеталда донорлъиялъул кьо тIобитIана

**Гумбет районалда щибаб соналъ хIажатазе кьезе букIине, кири щвезе би кьеялъул рахъалъ цо къадаралъул хIалтIи гьабула. 2016 соналъул 31 марталдаги донорлъиялъул кьо гIуцIа-кьан ана. Районалде рачIун рукIана Буйнакск шагьаралъул станциялдаса би бахъизе хIалтIухъаби. Районалъул гIадамаз би кьеялъе хIаракатчилъи бихьизабуна.**



Хасго би кьей лъикI гIуцIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, Российялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул, районалъул централияб больницаялъул, пожарнияб часталъул, библиотекаялъул, МФЦялъул, редакциялъул, «Сельсовет “Мехельтинский”» АСПялъул, пенсионнияб фондалъул отделалъул, гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул хIалтIухъабаз.

Районалъулбольницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас** ва сахлъи цIуниялъул бутIаялъе кураторлъи гьабулев райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** баркала загьир гьабуна би кьезе рачIаразе, абуна гьадинаб тадбиралъ цо чи вукIаниги сах гьавизе квербакъи гьабизе бугилан ва Гумбеталъулаз сахаватлъи бихьизабунилан. Би тIоцебе кьуразул цоял рукIана гьел кIиялго.

**«Гумбет» РИО**

БАЦIЦIАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

## ХIур хъвазе биччаге районалъул цIаралда

**Гумбет районалда тIобитIана субботник. Гьелда гIахьаллъана киналго учреждениязул ва организациязул хIалтIухъаби, росабазул гIадамал, школлъимал.**

Райцентралдаги, росабалъги гIадамаз аслияб кьагIидаялда рацIцIалъи-ракьалъиялъул хIалтIаби гьаруна. Минабазда, памятниказда, школазда сверухъ бакIал, республикаялъул, бакIалъул кIвараялъул нухал, росабалъ кьватIал, лъим чвахулел нухлул ракьанлъабазда гьарурал гонгал, ахал, пастIаби рищниялдаса рацIцIад гьаруна. БакI-бакIалдаса рищникъул, гьутIбузул ракьварал гIаркьалаби тIаде разе, субботникалда хIалтIулезе санагIат букIунеб хIалалъ, райцентралда чIезабун букIана «ЗИЛ» машина. Свак лъачIого хIалтIулев вукIана гьелъул шофер Ибрагьимхалил Сулайманов. Российялъул гIадатияб маданиятиялъул



районалъул хIухьбахъиялъулгун маданияб централъул ва централияб библиотекаялъул хIалтIухъаби, маданиябгун сахгьариялъул минаялдаса кьватIибехун рацIцIа-ракьалъи гьабиялда тIадеги музеялдаги хIалтIана, гьенир лъурал экспонатал хIур-гъизалдаса рацIцIад гьариялда.

Гумбеталда гIадатлъун лъугьун буго учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIухъабаз ва росабазул гIадамаз субботникал тIоритIи ва гьениб жигарчилъи, гьира-шавкъ бихьизабун хIалтIи.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## Лъималазул ва гIолилазул тIахьазул анкь

**КIиабилеб апрель ккола лъималазул тIахьазул Халкъазда гьоркьосеб кьо. Щибаб соналъго гIадин, гьелда хурхун гьаб соналъги Гумбет районалда тIобитIана лъималазулгун гIолилазул тIахьазул анкь.**

Гьеб тадбиралда районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусеновалъ**, библиотекарь **Раисат МухIамаднабиевалъ**, гьединго лъималазулгун ва гIолилазулгун хIалтIи гIуцIулел районалъул цогидал библиотекабазул хIалтIухъабазги дандчIваял гьаруна тIахьал цIалулезулгун, гIолеб гIелалъулъ тIахьазде рокьи бижизабиялъул батIи-батIиял тадбирал тIоритIана. Районалъул лъималазул библиотекаялда гIуцIана «ТIехьгун щибаб кьо» абураб тIахьазул выставка. ТIахьазул анкьалда гIахьаллъана МельелтIа гьоркьохъеб ва аслияб школазул библиотекарал, учительзаби ва цIалдолел.

**Къурмагъиз ХIадисова**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Краснодар ждет

**Уважаемые жители Гумбетовского района, объявляется набор на учебу в образовательные организации системы МВД России в текущем году.**

Отбор кандидатов проводится в строгом соответствии с требованиями законодательных и иных нормативных правовых актов, регламентирующих порядок приема в образовательные организации системы МВД РФ.

Для Гумбетовского района выделены два места в Краснодарский университет МВД России и в Ставропольский филиал Краснодарского университета МВД России по специальности «Правоохранительная деятельность».

Форма обучения - очная, срок обучения -5 лет.

Желающие могут обратиться в отдел МВД России по Гумбетовскому району.

**Сайпудин Магомедалиев, и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, подполковник внутренней службы**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Очередная декларационная кампания

С 1 января началась очередная декларационная кампания для граждан, обязанных задекларировать свои доходы, полученные в 2015 году.

Представить налоговую декларацию по форме 3-НДФЛ обязаны лица, получившие доходы:

от продажи имущества, находившегося в собственности менее 3 лет;

от сдачи квартир, комнат и иного имущества в аренду;

в виде выигрышей в лотереи и тотализаторы;

в порядке дарения;

с которых не был удержан налог налоговым агентом и т.д.

К категории «обязанных» относятся также индивидуальные предприниматели, применяющие общую систему налогообложения, нотариусы, адвокаты и другие лица, занимающиеся частной практикой.

Налоговая декларация по форме 3-НДФЛ представляется в налоговую инспекцию по месту жительства в срок не позднее 4 мая 2016 года.

**Ш. Гаджиев, зам. начальника межрайонной инспекции ФНС России №12 по РД**

# Леса - легкие планеты

На основании письма Комитета по лесному хозяйству РД № 22-22-04- 257/16 от 29.02.2016 г.

В целях информирования населения о местах заготовки древесины в рамках выполнения государственного задания, информирую населения об объемах работ по рубкам ухода за лесом и санитарным рубкам на лесных участках вашего района:

- на лесодаче Игали, дрова для топки – 83 куб. м.,

- на лесодаче Нижнее Инхо, дрова для топки - 31 мз.

**А. С. Чупалаев, руководитель ГКУ «Ботлихское лесничество»**

СЛУЖУ ОТЕЧЕСТВУ

# Союзники - армия и флот

**В целях поддержания необходимого уровня укомплектованности зенитного ракетного полка Балтийского флота, проводится отбор на военную службу по контракту офицеров и прапорщиков запаса.**

Место расположения - Калининградская область.

Требования к кандидату для рассмотрения его к призыву на контракт:

возраст - не старше 40 л.

статья увольнения в запас - положительная (по ОШМ, по семейным обстоятельствам, по окончанию срока контракта)

-образование — полная либо средняя военно-специальная подготовка, по специальности в области противовоздушной и воздушно-космической обороны (ВУС-0432003, 0440053,0440063, 0432033, 0480003,4410003 и т.п.)

-отсутствие судимости

-здоровье-годен к военной службе по контракту -воинское звание не выше «капитана». При согласии направить в адрес войсковой части 95043, Калининградская область г. Гвардейск ул. Гагарина 20, 238210, командиру в/ч 95043, следующие документы:

- копия послужного списка

- копия приказа об увольнении (по личному составу)

- копия последнего аттестационного листа -характеристика с последнего места работы -контактный номер телефона военнослужащего.

Контактный телефон для взаимодействия: тел.факс в/ч 95043-8(40159)3-21-45, 89003494878, 89114711268-ст. л-т Карев Павел Александрович. Также по имеющимся вопросам можно обращаться отдел ВК РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам с. Дылым Казбековского района РД.

**Арсен Магомедов, начальник отдела ВК РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам РД**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Призывники с 1996 г. р., которые окончили среднюю школу, у которых есть права категории «Е» ,прошу прибыть на призывную комиссию с 11 – 14 апреля для отправки в армию.

**Арсен Магомедов, начальник отдела ВКРД по Казбековскому и Гумбетовскому районам РД**

НИЛЪЕР ИХТИЯРАЛ

## МФЦялъулги судебниял приставазул хъулухъалъулги цадахъаб данделъи

**«Дир документал» гIемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъ ва Гумбеталда бугеб судебниял приставазул хъулухъалъул отделалъ цадахъаб данделъи тIобитIун, гражданазе баянал кьуна рецIизе кколел тIад ругел налъабазул, МФЦялъул филиалалъ гьарулел хъулухъазул, гьенир гIадамазе чIезарун ругел шартIазул. Филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бихьизабуна жидедаго тIад кигIан налъи бугебали гIадамазда рокьорго чIун лъазе рес бугин электроннияб информациялъул къагIидаялдасан.**

Судебниял приставазул районалъул отделалъул нухмалъулев **Заурбег СагIидовас** абуна жиндир заманалда рецIизе налъабазул баянал щвани, гьел гIужда рецIани, хадурккун дандчIвалел квалквалаздаса цIунулин.

Данделъи тIобитIараб букIана цо кинаб бугониги гIиллаялда рецIизе кколел алиментазул, налогазул, гIакIабазул, къарзалъул, ЖКХязул хъулухъазул ва цогидал налъабазул къадар



лъачIел гIадамал ратулеблъи хIисабалдеги босун, киназдаго гьанжесел цIиял къагIидаби лъазари мурадалда. Бокьарав чияс жиндаго тIад налъи бугищан халгьабизе бегьула МФЦялда, гьелъие 10 минутцин унаро, гьениб залалда лъун буго налъи бецIулез гIарац рехизе терминалги.

Справкаби ва малъа-хъваял щвезе рес буго гьаб адресалда: МелъелтIа росу, тел. Call-центр – 89387778292, МФЦялъул хIакъалъулъ информация http://mfcrd.ru сайталда.

**«Гумбет» РИО**

# Диспансеризация тIобитIана

**Гъоркь Инхо участковияб больницаялъул хIалтIухъабаз ва участкаялъул тохтир МухIамад СагIидовас Килалъ росдал гIадамазул диспансеризация, росдал ФАПалъул хIалтIухъабазгун цадахъ гьабуна. Гьез халгьабуна 80 чиясул сахлъиялъул.**

Гьезул гьабуна ЭКГ, халгьабуна беразул давлениялъул, биохимиялъул анализ гьабизе босана би. Участкаялъулав тохтир МухIамад СагIидовас щивав чиясе гьаруна рихьизарията, унтудаса цIуна-къаялъе малъа-хъваял.

Росулъеги рачIун халгьаби тIобитIи килдерил кIудиял чагIазе бокьана. КигIан захIмат букIинаан гьезие халгьабизе больницаялде ине. Росдал гIадамал гьираялда рачIана жидерго халгьабизе.

**Исрапил Заирбегов**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Межрайонная инспекция №12 Федеральной налоговой службы России по Республике Дагестан, доводит до сведения всех лиц о предстоящем совещании и приеме граждан.

Совещание-семинар будет проводится с участием руководителя МРИ №12 ФНС России по РД Набиева М.Ш., специалистов налоговой службы и глав всех сельских поселений. Все физические и юридические лица по всем интересующим вопросам, связанным с налогами и налогообложениями, могут принять участие и получить ответы на интересующие вопросы. Мероприятие состоится 13.04.2016 г. в с. Мехельта, в здании старой администрации, начало -с 11 часов.

**Руководство МРИ № 12 ФНС России по РД**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.